

**ФИДИБÆСТИ СÆРБÆЛТАУ ФЕСКЪУÆЛХУНМÆ ЦÆТТÆ УН - Е ÆЙ ÆЦÆГ ЛÆГДЗИЙНАДÆ!..**

***ХЕТÆГКАТИ Геуæрги, Советон Цæдеси Бæгъатæр, æфсади инæлар: «Фæсевæди æфсад æма уой æгъдæуттæ æновудæй уарзундзийнадæбæл æфтаун æй алли разамонæги ахсгиаг ихæс. Æригон адæймагæй æцæг æфсæддон исгъомбæлгæнæн ес, айдагъдæр нæ Гæрзефтонг Тухти æхсаргин евгъуд бæлвурд зонгæй. Айдагъдæр гъе уæд балæдæрдзæнæй, хестæрти тугъдон кадæ хæссуни ихæс ин барæгонд ке цæуй, уой...»***


Цæун райдæдта 1993 анзи мартъий

# Дигорæ

№45 (824) 2021 анзи 11 декабрь – цæппорсей мæйæ

Аргъ 1 туман


## НОМЕРÆН



## ЦИТГИЙНАГ ÆЙ АБОНИ ДÆР МА ДЗИЛЛÆН...

Иристони алли муггаг дæр сæрустур фæууй, лæгигъæдгунæй си царди медæгæ арфиаг гъуддæгутæй ка фескъуæлхтæй æма дзилли ’хсæн кадгин ка фæууй, уонæй. Хъиргъути мугагги уæхæн разагъди лæгтæ берæ разиндзæнæй Уонæй еу – рохситауæг æма æхсæнадон архайæг, Советон Цæдеси ахуради кадгин косæг Хъиргъути Геуæргий фурт Сократ. Хуæрзæгъдаудзийнадæ æма рæстуодæй фæллойнæ кæнунмæ тулаваст, адæмуарзон æма зæрдхæлар – аци æма ма берæ æндæр зæрдæмæдзæугæ менеугутæ адтæнцæ, æ карни хабæрттæ ин æнхæстæй æма фæрнгунæй аразун ке фæрци æнтæстæй, уæхæн бундор.

Хъиргъути Сократ, гъулæггагæн, абони не ’хсæн нæбал æй, фал уæддæр æ рохс ном цæруй, арфиаг си ка ’й, æ еци уарзон дзилли зæрдити. Абони ’й мах ба имисæн уомæ гæсгæ, æма 15 декабри æ райгурдбæл æнхæст кæнуй æртиндæс æма цуппаринсæй анзи (1928 – 2002), Уой фæдбæл æрмæгутæ кæсетæ 6-7 фæрстæбæл.



# АДÆМТÆЙ АЛКЕДÆР ÆНОСТÆМÆ СÆРУСТУР ÆЙ Æ БÆГЪАТÆРТÆЙ!..

Уæрæсей 2007 анзæй фæстæмæ 9 декабри бæрæггонд фæццæуй Фидибæсти бæгъатæрти Бон. Еци зæрдæбæлдарæн бон Цæгат Иристони дæр цитгинæй бæрæггонд æрцудæй берæ аллихузон мадзæлттæй. Сæ сæйрагдæртæй еу иссæй ветеранти Республикон хæдзари фембæлд, кæцими архайдта нæ республики Сæргълæууæг **Сергей Меняйло**. Æ радзубандий е бæрæгбони фæдбæл зæрдиагæй райарфæ кодта, аци æмбурдмæ ка ‘рбацудæй, уонæн. Уæлдай арфитæ ба ракодта, æ уодуæлдай æма хъазауатон архайди туххæй бæрзонд паддзахадон хуæрзеугутæ кæмæн исаккаг кодтонцæ æма аци фембæлди ка архайдта, еци зундгонд адæймæгутæн. Уони нимæдзи – Уæрæсей Федераций Бæгъатæртæ **Валерий Куков** æма **Руслан Нальгиев**, Цæгат Иристони Фæллойни Бæгъатæр **Гæздæнти Булат** æма иннетæ.

Уомæй уæлдай, республики Сæргълæууæг æнæргъудигæнгæ нæ фæцæй, æ ихæс æнхæстгæнгæй ка фæммард æй, еци Бæгъатæрти хеуæнтти дæр – Уæрæсей Федераций Бæгъатæрти мадтæлтæ **Верæ Семенова** æма **Тамарæ Якимкинай**, Уæрæсей Федераций Бæгъатæри фурт **Мурад Мусалаеви**, Уæрæсей Федераций Бæгъатæрти ниййергутæ **Валентинæ Нестеренкой**, **Татьянæ Днепровскаяйи** æма **Берозти Зæлини**.

Æ радзубандий ма Сергей Меняйло сæрмагондæй баханхæ кодта:

- Иристони алкæддæр бæрæг дардтонцæ Фидибæстæмæ æгæрон уарзондзийнадæй, Райгурæн бæсти сæрбæлтау сæ уодтæ нæ бавгъау кæнунæй. Уомæн ирд æвдесæн æй е дæр, æма Устур Фидибæстон тугъди рæстæг Советон Цæдеси Бæгъатæри ном ци адæмти минæвæрттæн аккаггонд æрцудæй, уони æхсæн, нæ республики еугур цæргути нимæдзæ хинцгæй, фиццаг бунати æй Иристон. Гъулæггагæн, ахид уотæ рауайуй, æма Бæгъатæри ном кæмæндæрти аккаггонд æрцудæй æ фæсмæрдæ. Фал мах алкæддæр нæ зæрдæбæл дарæн нæ Бæгъатæр æмзæнхонти рохс нæмттæ – етæ æностæмæ уодзæнæнцæ Фидибæстæбæл еузæрдиуондзийнади дæнцæгтæ.

*Уонæй еуей – Советон Цæдеси Бæгъатæр **Калоти Александри фурт Геуæргий** туххæй æрмæг ба кæсетæ нæ газети абониккон номери дуккаг фарсбæл.*

## АХСГИАГ ГЪУДДАГ

## «ÆРИГОН ÆФСАД» КÆСТÆРТÆН ЗÆРДТАГОН ÆЙ

Дууæсæдæ цæгатиристойнаг скъоладзауемæй фулдæр ист æрцудæнцæ фæсевæдон æзмæлд «Æригон æфсад»-и рæнгъитæмæ. Уой фæдбæл арæзт кадгин уавæри етæ расоми кодтонцæ:

– Фидибæстæ æма æригон æфсадбæл æновуд уодзинан. Æнæхийнæ, кæдзосзæрдæ адæймæгутæ ке уодзинан, уæдта фæккæсуйнæгтæн агъаз ке кæндзинан, уой туххæй федарæй дзурд дæттæн!...

Æригон æфсæддонтæн наукон æма исфæлдистадон къуæртти, уæдта спортивон хайæдти бацæттæ кодтонцæ цалдæр ахурадон программи.



**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**ГАЗЕТ 2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР**

***Советон Цæдеси дууæ хатти Бæгъатæр, Монголий Адæмон Республики Бæгъатæр, æфсади инæлар Плити Исси бюст æвæрд æрцудæй Мæскуй, Поклонная Гора ке хонунцæ, еци рауæни музейи. Плий-фуртæн ма цирдзæвæн æвæрд ес Монголий дæр, æвæруйнаг æнцæ Китайи дæр.***


КАЛОТИ Геуæрги

# МÆЗДÆГГАГ ЦÆРГÆС

Мæздæги районы цæргутæ рагæйдæр берæ мадзæлттæ аразунцæ, Устур Фидибæстон тугъди рæстæг немуцаг-фашистон æрбалæборгути нихмæ тохи удуæлдайæй ка бахъиамæт кодта нæ Райгурæн бæсти сæрбæлтау, цифуддæр знагæй æй ка багъæуай кодта, уонæй ма абони цардæгас ка 'й, уонæн кадæ кæнун, цардæгас си ка нæбал æй, уони рохс нæмттæ ба æносон кæнуни фæдбæл. Бæгъатæртæй берети нæмттæ лæвæрд æрцудæнцæ сахар Мæздæг æма гъæути гъæунгтæн, ахургæнæндæнттæн. Зæгъæн, гъæу Веселыйи цæргути еумæйаг æмвæндæй ами астæуккаг скъола хæссуй сæ гъæуккаг, болкъон, Советон Цæдеси Бæгъатæр Калоти Александри фурт Геуæргий ном. Уой сæрмагондæй уомæ гæсгæ имисæн, æма 7 ноябри æ райгурдбæл исæнхæст æй фонды æма фондзинсæй анзи (1916-1987). Гъе уомæ гæсгæ 'й нæхецæн ихæсбæл банимадтан æ рохс ном ин иссерун, æ намусгин карни хабæрттæ ци хæццæ нæ газеткæсгути базонгæ кæнун.

Уотæ рауадæй æма, Геуæргибæл анз дæр нæма цудæй, е 'нсувæр Александрбæл ба цудæй фондз анзи, уотемæй бустæги седзæрæй райзадæнцæ – сæ фидæ Александр æма сæ мадæ Аннæ 1917 анзи тифæй рамардæнцæ. Уæди дзамани хуæрзсабийтæй æнæ нийййергутæй райзайунæй æверхъаудæр ма ци адтайдæ - рæстæгутæ хъæбæр уæззау адтæнцæ, адæм алцæмæйдæр нæхъæртондзийнæдтæ æййафтонцæ, тухххæйти арастонцæ сæ цардиуагæ. Калоти дууæ седзæр биццеуи райзадæнцæ сæ хуæрæ Раиси евгед. Æ тухамæлттæ уингæй ин кадæртæ дзурдтонцæ, гъома, седзæрти хæдзарæмæ сæ раттæ. Фал хуæрæ æгириддæр нæ арази кодта. Раст зæгъгæй, еу рæстæг сæ æхемæ райста се 'рвадтæлти лæг Калоти Евстафий, цардæй Дзæуæгигъæуи. Фал уомæн дæр æ бийнонтæ берæ адтæнцæ æма сæ равгитæ уоййасæбæл фагæ нæ адтæнцæ. Æма биццеутæ уæддæр лæвæрд æрцудæнцæ Дзæуæгигъæуи сувæллæнтти хæдзарæмæ.

Седзæр æнсувæрти уæди карни хабæртти тухххæй идæрдтæбæл нæ дзордзинан, кæд бæлвурдæй æримисуни аккаг æнцæ, уæддæр – нæ уаци гæнæнттæмæ гæсгæ.

Цидæриддæр адтæй, уæддæр Геуæрги скъола каст фæуугæй, бæргæ гъавта æфсæддон училищемæ – рагæй бæлдтæй уоми ахур кæнунмæ. Фал æй нæ райстонцæ, æ карæ нæма æййафта.

Æма уæд ахур кæнунмæ бацудæй педагогон институти физикон-математикон факультетмæ. Анзæй фулдæр си нæ райахур кодта – фæттухгиндæр ибæл æй æ рагон бæлдæ. Æма 1938 анзи иссæй Орджоникидзей Сурхтурусагин æфсæддон училищей курсант.

Куд скъолай, уотæ аци ахургæнæндони дæр Калоти Геуæрги æхе равдиста хъæппæресгинæй, еугур предметтæбæл дæр ин адтæй хъæбæр хуарз бæрæггæнæнтæ. Ахид хуарзæнхæгонд цудæй командæкæнуйнади 'рдигæй зæрдæлхæнæнтæ æма арфи гæгъæдитæй.

Хъæбæр хуарз бæрæггæнæнти хæццæ 1940 анзи каст ку фæцæй училище, уæд æрвист æрцудæй Буйнакски фестæгцæугути æфсæддон училищемæ курсантти взводи командирæй. Курсантти ахур æма гъомбæл кæнгæй, фулдæр кодтонцæ æхе зонундзийнæдтæ, фæлтæрддзийнадæ æма арæхстдзийнæдтæ дæр. Æ взвод фиццаг бунат ку нийййахæста училищей, уæд уой тухххæй æхцæуæнæй фегъосун кодта æ зонгæ кизгæ Туйгъанти Лялян. Рагæй зудтонцæ кæрæдзей, æма 1941 анзи уалдзæги ба иссæй æ цардæмбал.

Гъулæггагæн, æригæнттæн уæд еумæ рацæрун берæ рæстæг нæ бантæстæй. Устур Фидибæстон тугъд райдæдта æма æ фиццаг бон Калоти Геуæрги курдиадæ балæвардта, цæмæй æй рарветонцæ тохæг æфсади рæнгъитæмæ. Дзуапмæ 'й дзæвгарæ рæстæг æнгъæлмæ кæсун багъудæй – æ фæндæбæл нæ арази кодтонцæ, гъуддаг кæмæй аразгæ адтæй, етæ. Фал 1942 анзи карз тугъдтитæ байеудагъ æнцæ советон-германайнаг фронти. Знаг æмпурста Волги рæбунтæмæ æма Кавкази хуæнхтæмæ, байахæста сахартæ Мæздæг æма Прохладный. Тугъд æрбахъæрдтæй Калойфурти райгурæн гъæумæ дæр. Уæд фарста лухгонд æрцудæй, æ курсантти хæццæ 'й фронтмæ рарветуни тухххæй. Уомæ гæсгæ училищей разамунд ин барæ равардта, æ бийнонти бабæрæг кæнунæн. Хеуæнттæ 'й курсантти взводи командирæй тугъдмæ ку фæндараст кодтонцæ, уæд уæхæн дзамани куд фæууй, уотæ æнæ цæстисугæй гъуддаг нæ рахецæн æй. Фал син Геуæрги зæрдæ æвардта:

- Сумах кæун нæ, фал цийнæ кæнун гъæуй. Фæккæсайтæ, кæд уæмæ æз тугъди фæсте, мæ реубæл Сугъзæрийнæ Стъалу, уотемæй нæ фæззиннон!..

Æма, куд загъта, æцæгæйдæр, уотæ рауадæй.

Калой-фуртмæ 1942 анзи фæдздзурдтонцæ Тбилисмæ, бæлвурддæр ба Фæскавкази фронти штабмæ. Уоми ин балæдæрун кодтонцæ, сгарæг-диверсион къуари хæццæ 'й знаги фæскъилдунмæ ке бацæун гъæуй æ райгурæн бунætти Мæздæгмæ хæстæг, немуцаг-фашистон æфсæддон къуæртти тухххæй бæлвурд хабæрттæ базонуни тухххæй. Уой хæццæ ба къуарæн байхæс кодтонцæ Мæздæг – Георгиевски хайади сосе нæдти хедтæ исрæмодзун, цæмæй немуци къохи ма бафтудайдæ, райони ци тиллæг байзадæй, уой раласун.

Минкъий рæстæги фæсте разæсгарæн диверсион къуар гæлст æрцудæй гъæу Веселыймæ хæстæг. Ами Геуæргийæн зундгонд адтæй алли над æма алли адагæ дæр. Фал тæссаг адтæй, еске 'й ку базона, уомæй. Багъудæй æй æхе нæ раргом кæнун сауæнгæ хæстæгутæ, къабæзтæ æма æмбæлттæн дæр. Фал еуæй-еу хатт уотæ рауайуй, æма адæймагæн æ бон нæ исуй æхебæл фæуууæлахез ун.

Еухатт гъæугæрон сæхе æрримæхсгæй, Калой-фурт æрæстæфтæй, е 'мгъæуккаг – кадгин хестæр Хубецти Никъалайи согæй идзаг уæрдун гъæдæй рацæугæй куд нихххастæй, уой. Бæхæн æ бон нæ адтæй æ раласун. Къуари разамонæг æхе нæ ниууорæдта æма имæ дууæ æфсæддоней хæццæ фæззиндтæй фæйийагъаз кæнунмæ. Зæронд лæг æй ку базудта, уæд æй æ гъæбеси æрбакодта, нæ дан, фегъустон, Геуæрги ами ке дæ, уой. Еци хабар бийнонтæ æма хæстæгутæ дæр айдагъдæр тугъди фæсте базудтонцæ.

Гъай-гъай, бæхуæрдун æмхузонæй тухххæйти исластонцæ. Десант гæлдзуни рæстæг бонигъæдæ лæгъуз ке адтæй, уой тухххæй хуæйраги продуктти голлагæ кумæ гæлст æрцудæй, уой иссерун сæ къохи нæ бафтудæй. Никъала хабар ку базудта, уæд къуари хæццæ бадзубанди кодта, цæмæй иснисан кæнонцæ, кæми æма кæд гъæуама фембалдæйуонцæ, уæхæн бунат, æма син хуæруйнæгтæ хæссун райдæдта. Уомæй уæлдай ма, Геуæргий курдиадæмæ гæсгæ разæсгаргутæн ахсгиаг бæрæггæнæнтæ амал кодта, немуцаг тухгæнгути еугæндтæ, тугъдон техникæ, хуæцæнгæрзти скълæдтæ æма тугъдон æндæр æрмæгутæ кæми 'нцæ, еци бунæттæ.

Разæсгаргути къуар сæ ихæс исæнхæст кæнгæй, æма Мæздæги коменданти, куд «æвзаг», уотæ сæ хæццæ ракæнгæй, фæстæмæ æрбаздæхтæнцæ фронти сæрти. Бæрнон ихæс æнтæстгинæй исæнхæст кæнуни тухххæй Калоти Геуæрги хуарзæнхæгонд æрцудæй Сурх Стъалуй орденæй, æмгъудæй раздæр ба ин лæвæрд æрцудæй капитани цин.

Минкъий фæлладуагъди фæсте Калой-фурт нисангонд æрцудæй 31-аг хецæн парашютон-десантон полкки роти командирæй. Карз тугъдтити архайдта Новороссийски æма Туапсей бунмæ, Минкъий зæнхæбæл. 1944 анзи августи ба архайдта Ясскаг-Кишиневаг операций, Румыни, Венгри æма Австри иссæребарæ кæнуни тогкалæн тугъдтити дæр. Немуци командæкæнуйнадæ аци рауæнтæбæл федар хуæстæй, уомæн æма аци паддзахæдтæ гъæугæ хомаг кæми адтæй, уæхæн индустриалон райондæ адтæнцæ. Зæгъæн, Австри 1945 анзи райдайæни гитлерон æфсадæн алли мæйæ дæр лæвардта 850 танки æма бронемашини, мин дзармадзанемæй фулдæр, 750 хуæдтæхæги æма берæ æндæр тугъдон æрмæг.

Советон æфсæдти командæкæнуйнади тугъдон бардзурдтæ æнтæстгинæй ке æнхæст кодта, Венæмæ бацæуæнти æма сахарæн æхе медæгæ карз тугъдтити лæгдзийнадæ æма бæгъатæрдзийнадæ ке равдиста, уой тухххæй 1945 анзи 28 апърели гвардий капитан Калоти Александри фурт Геуæргийæн лæвæрд æрцудæй Советон Цæдеси Бæгъатæри ном, Ленини орден æма ин «Сугъзæрийнæ Стъалу» ратгæй. Кадгин хуæрзеуæг ба ин равардта Еугурцæдесон старостæ Михаил Калинин. Æма Калой-фурт ирон ке 'й, уой ку базудта, уæд ин æ къох райста æма загъта:

- Ирæнттæ 'нцæ сæрæнигурдтæ, цал бæгъатæри, хуарз тугъдон разамонæги равардта, нимæдзæй минкъий, фал сæ гъуддæгутæй устур ка 'й, еци адæм.

Устур Фидибæстон тугъди фæсте ма Калой-фурт дæс æма инсæй анзей дæргъи службæ кодта бæсти уæлдæфон-десантон æфсæдти. 1946 анзи 15 июни нисангонд æрцудæй 100-аг гвардион уæлдæфон-десантон дивизий 298-аг гвардион полкки командирæй. .

Калоти Геуæргийæн 1955 анзи апърели лæвæрд æрцудæй болкъони цин. Фæскавкази æфсæддон зилди исконди службæ кодта сахар Кировобади. Райгурæн бæстæ устур аргъ искодта æ уæлахездзийнæдтæн. Хецæн æнзти ин лæвæрд æрцудæй Фидибæстон тугъди дууæ ордени, Сурх Стъалу æма Кади Нисани ордентæ, уæдта æхсæрдæс майдани.

Пенсимæ рацæуни фæсте Калоти Геуæрги цалдæр анзи адтæй Цæгат Иристони паддзахадон университети кадрти хайади хецау, республики ветеранти Советi сæрдар. Кæмидæриддæр куста, уоми æхе равдиста хъæппæресгин æма арæхстгин разамонæгæй.

Гъулæггагæн, 1987 анзи 22 апърели Калоти Александри фурт Геуæрги не 'хсæнæй фæгъгъудæй. Нигæд æй Дзæуæгигъæуи Намуси Аллейи. Уæдæй фæстæмæ кæд дзæвгарæ рæстæг рацудæй, уæддæр иронх нæй ка 'й зудта, уонæй.

***ЧЕЛДИТИ Симæ,***
***Мæздæги бæстæзонæн музейи директор, нæ республики культури æскъуæлхт косæг.***



КАЛОТИ Геуæргий цирт Дзæуæгигъæуи Кади Аллейи.

**Æфсади инæлар, Советон Цæдеси Бæгъатæр Николай Федори фурт Ватутини райгурдбæл 16 декабри æнхæст кæнуй æхсæзинсæй анзи (1901-1944). Æ рæстæги аллихузон командæгæнæн бунæтти службæ кодта Цæгат-Кавказаг æфсæдтон зилди дæр. Æ ном хæссуй Дзæуæгигъæуи гъæунгтæй еу.**

*Центр «Мæ бизнес» аци анзи еуæндæс мæйемæ 17558 лæггади бакодта нæ республики 4000 кустуати æма хецæн адæймагемæн. Сæ фарстатæ баст адтæнцæ амалгъонадæ аразуни, тухст уавæрæй кутемæй рацæуонцæ, уой фæдбæл. Ци 78 ахурадон мадзали арæзт æрцудæй, уоми архайдтонцæ 1780 адæймаги.*





Нæ республики Хецауади Сæрдар ДЗАНАЙТИ Барис Дигори райони косæг балций рæстæг

# КÆД АРАЗГÆ, УÆД ХУЗÆНОН!..

Куд уæмæ кæсуй, нури доги, кæстæр фæлтæри гъомбæлади фарстамæ уæлдай фулдæр æргом æздæхт ку цæуй, уæд Хъарман–Синдзигъæуи хузæн устур гъæуи сувæллæнтти рæвдауæндонæ ма уæд, е федауй?

Уæхæн уавæр, баруагæс уи уæд, раст нæй. Уомæн æма гъæуи цæргутæй сабийтæ кæмæ адтæй, етæ уой фудæй зиндзийнæдтæ æвзурстонцæ. Куд зонетæ, утемæй нуртæкки цардарæзти уавæртæмæ гæсгæ æнагъон кæстæрти æвæгæсæгæй фæууадзун тæссаг æй. Æма уæд косгæ ка кæнуй, еци ниййергутæ сæ сувæллæнтти ке бæрагæ гъæуама бакæнонцæ?

Еци нæхъæртондзийнадæ райеуварс кæнунбæл гъæубæсти ‘рдигæй цудæй дзубанди, фал гъуддаг кæмæй аразгæ адтæй, еци хецауеуæггæнгутæ цæмæдæр гæсгæ уобæл байархайунмæ æгириддæр се ‘ргом не ‘здахтонцæ. Хуарз æма уæдмæ фæззиндтæнцæ национ программитæ æма уонæй еуей («Ахури райрæзт») фæрци уæхæн рæвдауæндонæ арæзт цæуй аци гъæуи дæр.

Уой арæзтади куститæ куд цæунцæ, уой исбæлвурд кодта нæ республики Хецауади Сæрдар Дзанайти Барис, æрæги косæг балций Дигори райони уогæй. Куд нисангонд æй, утемæй аци рæвдауæндонæ гъæуама исцæттæ уа нæуæг анзи размæ, нуртæккæ си æнхæст кæнунцæ азгъунсти медæгæй куститæ. Раст зæгъгæй, Хецауади Сæрдар аразийæй нæ байзадæй аразгутæй, æргомæй син бауайдзæф кодта, æгæр дзæндæл ке ‘й сæ архайд, уой фæдбæл. Арæзтадон кустити разамонæг зæрдæ байвардта, куст ке фæррæвдзæдæр уодзæнæй æма анзи кæронмæ гъуддæгутæ кæронмæ афойнадæбæл æнхæстгонд ке ‘рцæудзæнæнцæ, уомæй.

Зæрдæвæрд хуарз æй, фал æ кустадон ихæстæ гъæугæ хузи æма нисангонд рæстæгмæ ка не ‘нхæст кæнуй, уой цъухæй утид хе раст кæнуни хузæн рауайуй. Нури уæнгæ ба еци аразгутæ гъæйттæй цæмæннæ архайдтонцæ, уæдта сæ куститæй ма æнхæсткæнуйнагæй ка байзадæй, уони анзи кæронмæ фæууни зæрдтæй тæвдхæлæфæй цитæ райаразтонцæ, уони хуæрзгъæдæдзийнадæ ба циуавæр рауайдзæнæй? Сæ хуæдфæсте си цалцæггæнæн мадзæлттæ нæ багъæудзæнæй? Уæхæн фарстатæ хумæтæги нæ февзурунцæ – цал хатти рауайуй утæ, æма аразгутæ объект цæттæ ‘й, зæгъгæ, си сæхе бæргæ фæййеуварс кæнунцæ, фал цанæбæрæг рæстæги фæсте ба ‘й исхузæнон кæнунмæ ма ибæл берæ архайун багъæуй.

## ГЪÆУАМА МЕДИЦИНОН ЛÆГГÆДТÆЙ ГЪÆУАГÆ МАКЕ ÆЙЙАФА

Бæргæ, нæ аци тасдзийнæдтæ ку нæ фæррæстмæ уиуонцæ, æма Хъарман-Синдзигъæуи рæвдауæндонæ берæ-берæ æнзти æнæкъулумпитæй фæккосæд. Нæ абони дзубанди ба уобæл æй, æма, ахсгиаг гъуддаг барæгонд кæмæн æрцæуа, е гъæуама бæрнонæй лæдæра æ сæйраг ихæс: «Аразгæ, уæд хузæнонæй!..»

Нæкæси, уæхæн уайдзæф Цæгат Иристони Сæргълæууæг Сергей Меняйло бакодта, социалон ахедундзийнадæ кæмæн ес, уæхæн арæзтæдти куститæ куд æнхæстгонд цæунцæ, уой бæлвурд кæнгæй, æ косæг балций рæстæг Дигорай аййевæдти скъола дæр ку ба бæрæг кодта, уæд.

4

АДÆМИ ЦÆСТÆ УИНАГÆДÆР ÆЙ!..

## ÆГЪДАУБÆЛ ЦИ НЕ ‘САРАЗАЙ, Е ДÆМÆ ФÆСТÆМÆ ÆНÆГЪДАУÆЙ ÆРÆЗДÆХДЗÆНÆЙ...

(Левада-Центр*)




**Уæрæсей закъонмæ гæсгæ цæрун æнгъезуй? Уæхæн фарста æхсæнадон цæстингас бæрæггæнæг агентадæ Левада-Центри æртасгутæ равардтонцæ нæ бæсти алли регионти цæргутæмæ, æма си ка ци дзуапп равардта, уони байеу кæнгæй си рауадæй мæнæ ауæхæн хатдзæгтæ.**

**Æнгъезуй – 49%**

**Не ‘нгъезуй – 47%**

**Мæ бон нæй бæлвурд дзуапп раттун – 4%**

* Уæрæсей Федераций нимад цæуй фæсарæйнаг агентадæбæл.

## ДÆ ЦЪУХБÆЛ КУ НÆ ХУÆЦАЙ!..



*Еу силгоймаг пъæлицæмæ багъаст кодта, циуавæрдæр лæг, дан, мин тухмиуæ бакодта, зæгъгæ. Æма ‘й слестгæнæг фæрсуй:*

*- Бакастæй ци хузæн адтæй, тухмиуæ дин ка бакодта, еци лæг?*

*- Æдули ци фæууй, гъе адтæй! – тингунæй ин дзуапп равардта силгоймаг.*

*- Цæмæ гæсгæ дæмæ уотæ кæсуй?*

*- Мадта ма æдулибæл сиутæ фæууй?.. Æ хæлаф раласунгъон дæр нæ адтæй еци сæнтдзæф æма ин мæхуæдæг агъаз кодтон!*

Еци силгоймаги цау æркодта махбæл дæр. Хъæбæр мæстадæй еудадзуг гъаст кæнæн нæ хецауеуæггæнгутæй, депутаттæй, чиновниктæй: адæми сагъæс сæмæ æгириддæр нæййес, сæхе пайдайæн закъонтæ æримисунцæ, гъезæмæрттæй нæ хопъали уæнгæ байдзаг кодтонцæ. Æма уомæй айдагъ етæ нæ ‘нцæ фудгин. Нæхуæдтæ ба? Мах сæ нæ равзарæн депутаттæй, нæ «раздзæугути» сæ ирисхъæгун бунæтти мах не ‘рбадун кæнæн?



**Наталья ПОКЛОНСКАЯ, Уæрæсей Уæлрадон æма Æнхæстбаргин минæвар паддзахадæ Кабо-Вердей: «Нуриккон уавæрти хъæбæр зин æй рæстадæ фæууинун. Уогæ ба æй не ‘хсæнади?..»**

Аци, рæстадæбæл дзорæг цъæхæйрæгъæд политик, æрæги ин паддзахади харзæй 53 миллион сомей аргъ фатер ке равардтонцæ, уой туххæй æнæфсæрмæй загъта: «Уой мин, инсæй анзи прокуратури æма хецаудзийнади ке бакустон, уой туххæй равардтонцæ. Дзурдæн- фæккуста зæрдæхцæуæн косæндæнтти бадгæй. Утемæй ба, шахтити, æндæр тæссагæй-тæссагдæр рауæнти инсæй нæ, фал берæ-берæ фулдæр æнзти ка фæхъхъиамæт кæнуй, уонæй еунæгемæн дæр еци «рæдау» паддзахадæ æгæрмæгур уосонгæ дæр ку нæ исаккаг кæнуй!.. Уæд æхсийнæ Полонская æма уой хузæнттæ ба ци цæсгонæй дзорунцæ рæстади туххæй?!.



**Иван УРГАНТ, телевизион амонæг: «Инсæй депутаттемæн нæййес еугæндзон косæнуæттæ. Депутаттæ-мигранттæ, кæцитæ Паддзахадон Думæмæ бацудæнцæ хуæздæр цард иссеруни зæрдтæй, æма син косæнуæттæ ба нæ радех кодтонцæ...»**

Думæмæ фæстаг æвзурстити рæстæг депутат ка нæбал иссæй, етæ, кæми бадтæнцæ, еци косæнуæтти дзаумауæй цидæриддæр адтæй, уони фæддунд кодтонцæ, уой фегъустан. Фал сæ еци косæнуæттæ дæр сæ хæццæ рахастонцæ? Æма, кæми æрбадонцæ, е дæр кæмæн нæййес, еци нæуæг депутаттæн ци кæнгæй ‘й? Рæстæг цæуй, æма син ку не ‘сфагæ уа сæ бæлдæ исæнхæст кæнунæн – хуæздæр цардбæл фæххуæст ун? Се ‘взаргутæн ци дессаги зæрдитæ æвардтонцæ, етæ ба? Дессаг айтæ!.. Уонæмæ сæ евдæлуй сæхе гъуддæгути разæй?



**Анатолий ЧУБАЙС, федар райрæзти фæдбæл Уæрæсей Президенти минæвар: «Бæстæбæл цидæриддæр лæгъуздзийнæдтæ цæуй, етæ мæн фудæй æнцæ. Уомæ гæсгæ нæ, æма æз уоййасæбæл разагъди лæг дæн, фал уой æз уотæ хатун...»**

Е дин æцæг дессаг!.. Кæдæй-уæдæй нæ бæсти еугур дзилли æма æлдареуæггæнæг Чубайси тергади æмхузон æй... Фал уомæй хуæздæр ба е уидæ, Чубайс нæ бæстæн дæр æма нæ адæмæн дæр æ фудмиутæй ци знаггадæ æрхаста, уой туххæй æнæмæнгæ гъæуама дзуапп ратта, зæгъгæ, адæми гъудий хæццæ ку исарази уиуонцæ барадæгъæуайгæнæг оргæнтæ дæр æма уой фæдбæл сæ ихæс æдзæстхезæй ку исæнхæст кæниуонцæ.

**Советон Цæдеси Бæгъатæр Николай Александри фурт Соболеви райгурдбæл 9 декабри исæнхæст æй сæдæ анзи (1921-1996). Устур Фидибæстон тугъди размæ сæ бийнонтæ æрцардæнцæ Дзæуæгигъæуи.**

***Цæгат Иристони гъæууонхæдзарадон къабази архайгутæн фæдералон бюджетæй дехгонд æрцæудзæнæй 21 миллион соми – хуаллæгтæ балхæнунбæл ци хæрзтæ искæнунцæ, уони син еуцæйбæрцæдæр банхæст кæнунæн. Паддзахади ‘рдигæй аци цæстдард гъæуама фæййагъаз уа гъоцити бæрцæ багъæуай кæнунæн.***





# КÆД АРАЗГÆ, УÆД ХУЗÆНОН!..



Аци ахургæнæндони азгъунст паддзахадон программæ «Культури райрæзт»-мæ гæсгæ цæуй бундорон цалцæггонд. Æма карзæй бауайдзæф кодта, сметон документаций зингисервæзти сигнализаци æма зингисервæзти рæстæг адæмæн фегъосунгæнæн мадзал нисангонд ке нæ ‘нцæ, уой фæдбæл. Уайдзæфтæ æрхаудтæй гъаргæнæни кустмæ дæр.

Дзубанди ма рауадæй уой фæдбæл дæр, æма скъолайæн нуртæккæ æвæстеуатæй балхæнун гъæуй нæуæг партитæ æма æндæр гъæугæ хæдзари дзаумæуттæ. Сергей Меняйло байхæс кодта районни разамундæн æма дзуапдæттæг ведомствитæн, цæмæй цубур рæстæгмæ райеуварс кæнонцæ гъæуагæдзийнæдтæ.

Раст зæгъгæй, нæ республики Хецауади Сæрдар Дзанайти Барис æма, æ хæццæ ма хецаудзийнади алли къабæзти минæвæрттæй ка ‘дтæй, етæ дæр, Дигори районни косæг балций уогæй ами социалон косæндæнтти уавæртæ бæрæг кæнгæй, гъе уæхæн домагæ цæстингасæй æркастæнцæ уавæртæмæ.

Фиццагидæр уой зæгъун гъæуй, æма Национ проектти фæрци аци районни фæстаг рæстæг арæзт æрцудæнцæ цалдæр нæуæг социалон косæндони, уой хæццæ ба ма си уой размæ уæхæн косæндæнттæй ка ‘дтæй, уонæмæ ба бундоронæй базилдæнцæ. Аци анзи кæронмæ гъæуама рæвдзæгонд æрцæуа районни центрон сæйгæдони сувæллæнтти поликлиникон хайадæ. Ами куститæ æнхæст кæнунцæ Уæрæсей паддзахадон программæ «Æнæнездзийнади ирæзт»-мæ гæсгæ. Нуртæккæ си фæуунтæбæл æнцæ медæгæй фæлгонцгæнæн куститæ.

– Районни минкъий сабийтæн, уогæ районни иннæ цæргутæн дæр гъæуама аккаг хузи агъазгонд цæуа дæсни медицинон лæггæдтæй, багъæуаги сæ æндæр рауæнтæмæ цæун куд нæ гъæуа, уотæ, – баханхæ кодта Хецауади Сæрдар. – Махæн нæ архайд уобæл æй, цæмæй адæми æнæнездзийнадæ гъæуайкæнуйнади нæмæ алли районни дæр æнæмæнгæ уа гъæугæ фадуæттæ.

## ГЪÆУАГÆДЗИЙНÆДТÆ ЦУБУР РÆСТÆГМÆ ЕУВАРСГОНД ÆРЦÆУДЗÆНÆНЦÆ

Дзанай-фурт ма бабæрæг кодта, Дур-Дури ка æрбунæттон æй, еци скъола-интернат седзæр æма æнæ ниййергутæй байзайæг сувæллæнттæн. Е нур æртинсæй анземæй фулдæр косуй, æй нæ республики ахурадæ æма науки Министради бæрни. Нуртæккæ си цæрунцæ дууæ æма æртинсæй сувæллони. Хецауади Сæрдар æхе цæститæй фæууидта, сувæллæнттæн си цæрунæн дæр æма ахур кæнунæн циуавæр фадуæттæ ес, уой, æма си аразийæй байзадæй.

Мадта идарддæр ба сæ уавæртæ гъæуама никкидæр фæххуæздæр уонцæ. Еуемæй, аци интернат архайдта национ проект «Ахурадæ»-йи. Уой фæрци уавæртæ фæххуæздæр æнцæ, ци гъудæй, уонæй алцæмæй дæр исæнхæст æнцæ гъæдикустгæнæн æма хуйæн, хæдзари гъуддæгутæ амонуни, гъæуонхæдзарадон, фæллойнæ æма æндæр цехтæ. Иннемæй ба, Дзанай-фурт ами ку адтæй, уæд, куд радзурдтонцæ, уотемæй интернати архайд цæмæй никки зæрдæмæдзæугæдæр уа, уой туххæй ба коллективмæ цæмæйдæрти фæккæсун гъæуй. Зæгъæн, нерæнгæ си нæ фагæ кæнуй фæзуæттæ, нæ син ес сæхе спортивон зал, цехти нæ фæффагæ кæнуй, сувæллæнттæ цæмæй архайуонцæ, уæхæн æрмæг. Хецауади Сæрдар æхемæ фæббæрæг кодта еци нæхъæртондзийнæдтæ, æма зæрдæ байвардта, æвæстеуатæй ке байархайдзæнæй, цæмæй цубур рæстæгмæ етæ еуварсгонд æрцæуонцæ.

Сувæллæнтти интернат-скъолай æнæлухгонд фарстатæ, иннæ тухстаг гъуддæгутæбæл дзубанди рауадæй, уой, фæсте районни администраций ци æмбурд арæзт æрцудæй, уоми дæр.

Еумæйагæй ба еци æмбурди дзубанди цудæй, районни размæ ци нисантæ лæууй, уони туххæй. Æ сæргълæууæг Цагъати Сослан куд фегъосун кодта, уотемæй сæ зæрди ес иннæ анз еугур федералон æма республикон программити дæр архайун. Сæ сагъæссагдæр фарстатæй ба еу æй Дигорай донæфсесади нæуæг хизæг исаразун æма байархайдзæнæнцæ, цæмæй еци фарста хаст æрцæуа федералон программæмæ.

Бундорон цалцæгкæнуйнаг æнцæ ахуради еугур косæндæнттæ, Мостиздæхи нæййес културии Хæдзарæ. Уой фудæй хехъæппæресадон къуæрттæ сæ ахуртæ аразунцæ скъолай спортивон зали фæсуроктæ. Хъарман-Синдзигъæуи културии Хæдзарæ дæр бундоронæй цалцæгкæнуйнаг æй. Еци фарстати фæдбæл куд фегъосун кодтонцæ, уотемæй иннæ анз дууæ скъолайемæ базелдзæнæнцæ, 2023 анзи ба æндæр дууæ скъолайемæ.

## АДÆМИ ЦАРДИ УАВÆРТÆ ЗÆРДÆМÆДЗÆУГÆДÆР ЦÆМÆЙ УОНЦÆ

Æмбурди ци дзубанди рауадæй, уомæн хатдзæгтæ кæнгæй, Дзанайти Барис куд загъта, уотемæй районни разамундæн гъæуама æнгон æмгустадæ уа республикон ведомствити хæццæ. Ци унаффитæ хаст цæуонцæ, етæ ба гъæуама тæккæ ахедгæдæр хузи бæрæг кæнонцæ алли къабæзти архайди дæр, уæлдайдæр минкъий æма рæстæмбес амалгъонади райрæзти гъуддаги. Цæмæй районни цæргутæ амалгъомадон гъуддæгути балæууонцæ, уой туххæй сæ гъæуй республикон æма федералон программити архайун.

Амалгъонади райрæзтæн районни ци равгитæ ес, уой фæдбæл Дзанайти Барис дæнцæн æрхаста Дигорай цæрæг Тауасити Алани. Цуппар анзей размæ аци лæхъуæн бавналдта æма исфæндæ кодта минкъий фермæ исаразун сторвонс дарунæн. Уой туххæй фæрæзнитæ куд нæ гъудæй, æма æ хæдзарæ дæр бæргæ рауæйæ кодта, фал ин еци æхцатæ дæр æнхæст нæ фагæ кодтонцæ.

Есгæ ма ин рауадæй æфстæуттæ æма уотемæй аци анз январи балхæдта дæс хуæрзгъæдæ гъоги. Мартъий мæйи фегъуста гъæуагæ бийнонтæн фæййагъаз кæнуни программи хабар æма е ‘ртæ ‘мбалей хæццæ исфæндæ кодта бавзарун паддзахадон агъаз райсун.

Алан куд зæгъуй, уотемæй Дигори районни социалон Центрмæ балæвардтонцæ бизнес-пълантæ. Гъуддаг фæррæстмæ ‘й æма син ци æхца равардтонцæ, уонæй балхæдтонцæ аст хуæрзгъæдæ доцгæ гъоги, еуей аргъ си 125 мин соми. Тагъд рæстæги сæ фонсбæл бафтудæй дæс уæси, кæцити баййивтонцæ доцгæ гъоцитæбæл. Балхæдтонцæ уазалгæнæн агрегат, уæдта æхсирласæн боцикъа. Нуртæккæ сæ хæдзаради ес дæс æма инсæй доцгæ гъоги æма аст уæси. Сæ продукци уæйæ кæнунцæ тукæнтти фæрци.

– Нæ сæйраг ихæстæ ‘нцæ адæми цардиуаги уавæртæ зæрдæмæдзæугæдæр кæнунæн еугур фадуæттæ аразун, цæмæй нæмæ кусти нæуæг бунæттæ фæззиннонцæ, амалгъонади ирæзтæн гæнæнтæ, цæмæй нæмæ фулдæр кæнонцæ равгитæ социалон арæзтæдтæн, ирæзгæ фæлтæртæн агъаз кæнунæн. Етæ къохи бафтуйдзæнæнцæ, республики разамунди хæццæ уин æмгустадæ ку уа, уæд. Æма уобæл ба гъæуама еугур фæрæзнитæй дæр архайайтæ, – баханхæ кодта Дзанайти Барис.

***Æрмæг мухурмæ бацæттæ кодта***
***БАЛИКЪОТИ Тотраз***

# АМОНДМÆ БÆЛГÆЙ ФЕНАМОНД ÆНЦÆ...



Дуйней исконд уотæ ʼй, æма си адæми цардарæзти берæ цидæртæ æносæйæносмæ еци еугæндзонæй, неци уоййасæбæл раййевунцæ сæ медес, уотемæй изайгæ цæунцæ. Фал си уой хæццæ ба берæ цидæртæ рæстæгути хевæндæдзийнади фудæй исæййевунцæ – кæцидæртæ си фæддессагдæр унцæ, кæцидæртæ ба си бустæги исфудуинд унцæ. Зæгъайтæ, кæд адтæй уæхæн дзаман æма си дзилли зингæдæр хай кедæрти цагъайрадæй кенæ æлдареуæггадæй æфхуæрд нæ цудæй. Мадта адæмти ʼхсæн тугъдтитæ æма кæрæдземæ тогникалди лæбурдтитæй кæци догæ уæгъдæ адтæй. Æма нуртæккæ ба уотæ нæй? Уогæ нæ абони дзубанди уобæл нæй. Рæстæгутæ цийфæнди æлгъистаг æма цардихалæг фæззиндтитæй се ʼмидзаг ку рауайиунцæ, уæддæр си уомæй фулдæр ба уидæ зæрдæмæдзæугæ цардаразæг фæткитæ. Зæнхæбæл цæрæг аллихузон адæмихæттитæ, сауæнгæ сæ динтæ дæр æма се ʼгъдæуттæ дæр фæйнæхузи уиуонцæ, уæддæр архайдтонцæ кæрæдзей лæдæргæй æма нимайгæй цæрунбæл. Се ʼхсæн хæлхъойтæ ку рауайидæ, уæд е дæр адæми фудзунди фудæй нæ уидæ, фал сæмæ разиннидæ уæхæн хилкъахгутæ, кæцитæ сæ фæккæрæдземæ кæниуонцæ. Уомæ гæсгæ ба, рæстæг рацæуидæ æма бабæй адæмтæ кæрæдзей æрлæдæриуонцæ... Еуцæйбæрцæдæр уой фæдбæл æй, мæнæ абони ци таурæхъ мухур кæнæн, е дæр. Æ рæстæги ʼй радзурдта фæллойни ветеран **Хъарданти Анарбег** (гъулæггагæн, абони не ʼхсæн нæбал æй, рохсаг уæд...) Уой радзубандийæй æй ниффинста адæмон ахуради ветеран **Нигкоти Кермен**, редакцимæ нæмæ ʼй Чиколайæй исæрвиста фæллойни ветеран **Цопанти Валерий**.

* * *

Ци хабæрттæ уин ракæнуйнаг ан, етæ æрцудæнцæ раги дзаманти. Адæм уæди рæстæгути фулдæр сæхе фæллойнæй цардæнцæ, багъæуаги кæрæдземæн дæр сæ равгитæ æма гæнæнтæмæ гæсгæ агъаз кодтонцæ. Фал се ʼхсæн разиннидæ уæхæнттæ дæр, кæцитæ еске мулк ратæлæт кæнунмæ тулаваст уиуонцæ, уой фæдбæл æверхъау миутæ дæр ма бакæниуонцæ.

Еуухæни, дан, Кæсæгæй æсхъæл фæсевæди къуар Стур-Дигори балæудтæнцæ хъалон есуни зæрдтæй. Хуæнхбæсти цæргутæй кæсгонау неке зудта, æрбалæборгутæй ба – дигоронау. Фал, æнæхунд «иуазгути» хæццæ ка радзубанди кодтайдæ, уæхæн лæг уæддæр разиндтæй Хæнæзи – Беркъисти Бæлæу. Уой Дигорæй имæ Хæнæзмæ рарвистонцæ хабар ка балæдæрун кодтайдæ, уæхæн минæвæрттæ. Беркъиси-фурт уайтæккæ æхе рараевдзæ кодта. Æ ефсæ бæхæн адтæй байраг æма уой ба бауорæдтæ хæдзари. Стур-Дигорæмæ берæ нæбал гъудæй, уотемæй æ бæх ракеуидæ, æ къах къуæрун райдæдта, фæстагмæ ба рахъан æй æма ниммардæй. Ци гæнæн ма адтæй Бæлæуæн – саргъ æма идонæ рафтудта, æ рагъи сæ исæвардта æма уотемæй Стур-Дигорæмæ исхъæрттæй.

...Зунд æма дзурди хъаурæй Беркъисти Бæлæу стурдигойрæгти æма тухгæнгути бафедаун кодта.

Æ хæдзарæбæл фæстæмæ ку исæмбалдæй, уæд байевдалдæй, æма байраг цуппар уæриккей хæццæ рахецæн кодта. Бæлæуæн адтæй цуппар фурти. Сæ кæстæр адтæй финддæсанздзуд, хундтæй Къæхæн. Байраг æма уæриккити гъуд кæнун уомæ æрхаудтæй. Бустæги уæлдай каст адтæй байрагмæ. Афойнадæбæл æй кæдзос кодта, хуæруйнаг æма ʼй дон гъæуагæ дæр нæ уагъта. Байраг бицщеубæл хъæбæр исахур æй. Еу анзи фæсте хæдзари хецау уæриккитæй еу равгарста. Ку исфунх æй къах, уæдта ʼй басаста æма фæууидта – хъанз тæнæг, стæг ба нæма æрфедар æй. Дуккаг, æртиккаг æма цуппæрæймаг æнзти дæр уотæ бакодта. Фæстагмæ ци тохъули равгарста, уой стæг ба адтæй æмир, хъанз ба техалуги нарæгæн. Лæг уой ку фæууидта, уæд æ фурттæн загъта:

– Байраг исцæттæ ʼй саргъ æвæрунмæ...

Хестæр æнсувæрттæ кезугæй равзурстонцæ бæхбæл саргъ исæвæрун, фал сæ фиртон хæстæг не ʼруагъта. Уæд кæстæр æнсувæр æхуæдæг баздахтæй, æма бæхбæл саргъ дæр исæвардта æма ибæл бадгæ дæр ракодта. Кæстæр æнсувæр сабургай бæх исахур кодта, æма е иссæй барæуадзæ догъон. Идæрдтæбæл æ хабар райгъустæй Дигоргоми дæр æма сауæнгæ Кæсæгмæ дæр бахъæрттæй.

Беркъисти кæстæр лæхъуæнæй раудæй гъæйт бæхбадæг, бæхи фарсмæ уайгæ-уайгæй саргъмæ цъеусори хузæн истæхидæ, аллихузи гъæзтитæй бæхбæл æргъазидæ. Лæхъуæн бакасти дæр адтæй гурведауцæ, уиндгун. Адæймаги цæститæ сæмæ кæсунæй не ʼфсастæнцæ.

Уалинмæ Кæсæги номдзуддæр муггæгтæй еу, Хъардантæ, исфæндæ кодтонцæ устур догъ рауадзун. Цæргæ ба кодтонцæ Баксани. Хъардантæ, ку зæгъæн, уотид устур муггаг нæ адтæнцæ, фал идæрдтæбæл – Ири, Дигори, Кæсæги – цитгинæй зундонд муггаг. Ци догъ раудзуйнаг адтæнцæ, уоми сæхуæдтæ дæр куд архайдтайуонцæ, уотæ исфæндæ кодтонцæ. Æма агурдтонцæ аккаг догъон бæх – Цæцæни, Мæхъæли, Ирæ æма Дигори. Фегъустонцæ Хæнæзи Беркъисти бæхи хабар, æма æртæ бæхгинемæй уордæмæ корæг бацудæнцæ. Исарази æй фидæ бæх раттунмæ, фал бæх æхемæ хæстæгдæр неке æруагъта. Гæнæн нæбал адтæй, æма Хъарданти минæвæрттæ фидæй ракурдтонцæ, цæмæй син Къæхæни бæхбæл рауадзонцæ сæ хæццæ. Исарази æй уобæл дæр фидæ. Лæхъуæн æхе исрæвдзæ кодта нæуæг фæлустæй – цохъа, цулухътæ æма уотæ æндæр гъæугæ дарæсæй. Цæуни размæ фидæ фуртæн амонуй:

– Догъи цæудзинайтæ Баксанæй Черекки донмæ. Æмбеснадбæл бæх бауорамдзæнæ æма дони хулуй ку ракæнæ, уæдта ʼй æхе фæндон рауадздзæнæ...

Рандæнцæ бæхгинтæ Баксанмæ. Догъмæ ма гъудæй авд бони. Еци рæстæг хæнæзон лæхъуæн биййонти хæццæ дæр базонгæ ʼй. Хæдзари адтæй æвзонг рæсугъд кизгæ. Дууæ æригон уоди кæрæдзей бауарзтонцæ.

Догъи бони аллирдигæй – Цæцæнæй, Мæхъæлæй, Кæсæгæй – æрбацæуæг, амæй хуæздæр догъонбæх нæбал байзадæй, етæ рарæнгъæ ʼнцæ. Уæдмæ догъ нийййагайдта. Беркъисти лæхъуæн дзæвгарæ раздæр цудæй. Черекмæ ку бахъæрттæй, уæд, æ фидæ ин куд ниффæдзахста, уотæ бакодта. Цалинмæ бæхи хизта Къæхæн, уæдмæ иннæ бæхгинтæ фæрразæй æнцæ. Фал æй берæ рæстæг нæ багъудæй, уотемæй уæддæр сæ разæй фæцæй.

Хъардантæ догъи хæнæзони фæрци рамулдтонцæ. Цалдæр бони ма Беркъиси-фурт фæцæй Баксани. Устур æгъдæуттæ æма лæвæрттæ ин искодтонцæ. Лæхъуæн æма кизгæ дæр, ци гæнæн æма амал син уидæ, уомæй фембæлиуонцæ. Цæуни размæ ин кизгæ æ уарзондзийнади нисанæн балæвар кодта къохти-къохмæрзæн, лæхъуæн ба – къохдарæн.

Хъарданти кæстæртæ сæ иуазæги сауæнгæ Хæзнидонмæ бахъæртун кодтонцæ. Идарддæр гъуддаг уотæ рауадæй, æма Кети рæбун Къæхæн æ фæллад куд уагъта, уотемæй, æ фæдбæл сосæггай ка фæццудæй, уæхæн кæсгон æнамонд игурд Къæхæни рамардта. Мард пихситæ æма цъалати буни никкодта еу къæхæни рæбун. Уой размæ ин æ цохъа æма цулухътæ раласта, æхебæл сæ искодта – зудта ʼй, бæх æй айдагъдæр уотемæй бауадздзæнæй æхебæл исбадун.

Къæхæн æгæр æрæгæмæ ку зиндтæй, уæд фидæ æма æнсувæртæ Хъардантæмæ ниццудæнцæ. Етæ дæр куд нæ фæффæдеси адтæйуонцæ. Сæ дигорон иуазæги Баксанæй кæбæлти рафæндараст кодтонцæ, уобæлти сæ фæд-фæд фæннæхстæр æнцæ. Уотемæй Хъарадзаути гъæумæ æрбахъæрттæнцæ. Кети алфамбулай агорун байдæдтонцæ æма мард иссирдтонцæ. Хъардантæ балæдæрдтæнцæ, фудгæнæг ка адтæй, уой æма ʼй сæхецæн тоггинбæл банимадтонцæ. Дууæ муггаги марди ʼгъдæуттæ искодтонцæ, æвæргæ ба ʼй бакодтонцæ Кети уæлмæрдти. Лæгмар æма бæхдав кæсгон гъæумæ нæбал æрхæстæг æй, æхе римахста Кæсæг æма Дигори ʼхсæн гъæдтæ æма хуæнхти.

Еци фудбæлахбæл анзмæ хæстæг рацудайдæ, уæд еууæхæни рæстæг æнахур нифхалдæй. Арв æма зæнхæ, куд фæззæгъунцæ, кæрæдзей хуастонцæ. Карз уарун æма думгæ бæстæ исæхманстонцæ, мæйдари ци фæцайдæ æнамонд игурд, уой нæбал æргъавта. Гæнæн ин нæбал адтæй æма бæх æхе бæрагæ раугъта. Е дæр æхсæви талинги Хæнæзи Беркъисти тургъи балæудтæй æма ниууаста. Бийнонтæ гъæдин цирæгъти хæццæ рауадæнцæ, кæсунцæ æма – сæ бæх, бадгæ ба ибæл кæнуй се'нсувæри цохъа æма цулухъти æнахур бæхбадæг. Балæдæрдтæнцæ, се ʼзнаг æхе къахæй сæ тургъæмæ ке æрфестæг æй, уой. Æнсувæртæ февналдтонцæ: «Рамарæн æй!..»

Фидæ сæ бауорæдта:

– Иуазæг Хуцауи иуазæг æй. Барвæндонæй не ʼрбацудæй, тухст уавæртæ ʼй æрбахастонцæ...

Æгæрон зин син куд нæ адтайдæ, фал уæддæр фиди унаффи сæрти нæ рахизтæнцæ. Иуазæгæн дуккаг бон цохъа æма цулухътæ нæбал равардтонцæ, бæх дæр ин баййивтонцæ. Фидæ фурттæн загъта:

– Рауагътæ ʼй... Хуцау ин истæрхон кæндзæнæй...

Æцæгæйдæр уотæ рауадæй. Фудгæнæг коми думæгмæ нæма рахъæрттæй, уотемæй уоми æ уод исиста...

Таурæхъ уобæл нæ фæцæй. Хъардантæ Хъарадзаути хæццæ хæстæг разагътонцæ æма худтонцæ киндзæ. Киндзхонти ранæхстæри размæ фæсевæд Хъарданти кизги, хæнæзон лæхъуæн ка бауарзта, уой дæр худтонцæ сæ хæццæ, фал син нæ кумдта. Хъæбæр имæ ку нилæудтæнцæ, уæдта син уотæ зæгъуй:

– Цæун, кæд мин Беркъисти лæхъуæни цирт байамондзинайтæ, уæд... Фæсевæд ин уомæй зæрдæ байвардтонцæ æма сæ дзурд нæ фæссайдтонцæ. Хъарадзаути гъæумæ ку ʼрбахъæрттæнцæ, уæд æй фæххудтонцæ Кети уæлмæрдтæмæ, æ уарзони цирти размæ.

Кизгæ баздахтæй, æма æ рони римæхст кæрдæнæй æхе рамардта. Байвардтонцæ ʼй, æ зæрдæ кæбæл не ʼсæййивта, æ еци уарзон хæнæзон лæхъуæни фарсмæ...

***Иван ИЛЬИН (1883-1954), уруссаг философ: «Æцæг патриот фæййархайуй иннæ адæмти уодварни хæзнатæ базонунбæл, балæдæрунбæл, цæмæй еци хæзнатæй фæгъгъæздугдæр кæна æхе адæми цард, æфтауæн ин бакæна æ исфæлдистадон кустмæ...»***



Хъиргъути Сократ (бадуй разæй астæуæй) е 'мгустгæнгути хæццæ.

# Æ КАДÆЙ БÆРЗОНД ÆЙ Æ КАРНИ МÆСУГ...

***Хъиргъути Сократ, ку зæгъæн, кæд абони не 'хсæн нæбал æй, уæддæр æ рохс ном æма арфиаг гъуддæгутæ æгириддæр иронх нæ 'нцæ нæ дзиллитæй. Рæстæгæй-рæстæгмæ арæзт æрцæуунцæ æ цитгингæнæн мадзæлттæ. Айразмæ уæхæн агъазиау мадзал, цæргæ – цæрæнбæнтти кæми фæццардæй æма фæккуста, æ еци уарзон гъæу Æхсæрисæри æрæги арæзт æрцудæй æ хъазар муггаг Хъиргъути хъæппæресæй æма гъæубæсти, уæдта ами берæ æнзти дæргъи æнтæстгинæй разамунд кæмæн фæллæвардта, еци астæуккаг скъолай коллективи æмархайди фæрци. Е уоййасæбæл арфиаг æма бафæнзуйнаг гъуддаг æй, æма уомæ гæсгæ ибæл сæрмагондæй радзоруйнаг ан. Фал уой размæ ба дзурди барæ дæттæн, Хъиргъути Сократ скъолай директор ку адтæй, уæди рауагъдон Колити Виталийæн.***



**КОЛИТИ Витали,**
**Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг**

## МÆ СÆРÆЙ СИН НИЛЛÆГ КОВУН

Сократ айдагъ зæрдæмæдзæугæ лæгдзийнæдтæй хайгин æма тухгин ахургæнæг нæ адтæй, фал ма адтæй адæми хæццæ хуæрзæгъдауæй цæрæг адæймаг дæр. Гъæубæсти медæгæ еунæг цийни кенæ зиани гъуддаг дæр некæд адтæй, æма си Сократ гъæугæ æгъдау ма радта, æ баргин дзурд ма райгъуса. Уæдта, ци кæнидæ, уой зæрдиагæй, ци зæгъидæ, е ба уидæ раст, æма уомæ гæсгæ ба адæмæй æруагæс кодта. Алкедæр уи, æвæдзи, æвдесæн фæуууй уомæн æма, цийфæнди некуцон адæймагæй ка фæццардæй, е ку рамæлуй, уæд æй æ боникком-бони ба æ кири сæргъи дзоргутæ уæлæрвтæмæ исесунцæ сæ мæнгæттæй. Сократмæ ба уæхæн билисæрдæн козбау дзубандитæ некæд адтæй. Ци зæгъидæ, уой раст æма æргомæй, æндиудæй æма комкоммæ. Нæ хатир кодта некæмæн мæнгæ миутæ, уомæн æма æхуæдæг дæр некæд адтæй сæ уацари.

Мадта ин иуазæг исбоц кæнунмæ дæр æ раз некæд неке байахæстайдæ. Адтæнцæ къæбæрдæттон æма хуæрзæгъдау бийнонтæ æмбурдемæй дæр.

Æхсæрисæри мудибиндзитæ еци рæстæги еунæг Сократмæ адтæй, æма муд ку лæмариуонцæ, уæд еци бонти æнæгъæнæ синхæн дæр уидæ бæрæгбон, уæлдайдæр ба кæстæр кари кизгуттæ æма биццеутæн. Сократи цардæмбал, рохсаггаг Феня (Атайон) нæ æрæмбурд кæнидæ æма нин нæ рази æрæвæридæ муди лæмарæнти устур тæбæгъ. Уæхæн уарзон зæрдирахаст ба зин иронхгæнæн æй.

Абони дæр ма мæ устур деси æфтауй Сократи кустуарзондзийнадæ æма тухæ. Еу рæстæги Æхсæрисæри астанзон скъолай дуккаг ахургæнæг нæ адтæй математикæбæл æма еугур ихæс дæр æрæнцадæй Сократæн æхе рагъбæл. Алли бон дæр дууæ ахурадон фæлтæремæ 'й багъæуидæ аст 8 урокки дæттун. Фæскуст ба еци фæлладæй æрцæуидæ æ хæдзарæмæ, æ цъæх хæрæг байефтиндзидæ уæрдуни æма гъæуи уæлмæрдти фæстемæ кæми хъæдори мех, кæми ба сог кæнунмæ райевгъуйидæ. Мадта хуасæ дæр æ еци хæрæгбæл ласта. Дардта ставд, уæдта листвонс дæр берæ. Æма уони еудадзуг гъуд кæнун нæ гъудæй?! Фал некæд фæлладæй. Алли гъуддагмæ дæр арæхстæй, алли куст дæр хаста æ сæрмæ. Кæд скъолай директорæй куста, уæддæр æхе дардта хуæрз хумæтæг.

Ахургæнæги куст æнцон некæд адтæй. Æхе уодбæл æй ка нæ бавзара, уомæн зин лæдæрæн æй. Фал Сократ, бауæгæ дæн, зæгъгæ, некæд исфæразта æ цъухæй зæгъун нæ, фал уотид уотæ рагъуди кæнун дæр. Уомæн æма æ фарсмæ кустонцæ фæлтæрдгун ахургæнгутæ: Устур Фидибæстон тугъди архайæг Мæрзойти Хаджий фурт Агубе, Республикæ Цæгат Иристон-Аланий æскъуæлхт ахургæнæг Магкати-Къодоти Нинæ Иласи кизгæ, Катаути-Бекмæрзти Женя Сандири кизгæ, Цъугкити-Хæмицати Зоя Хъанцауи кизгæ, Хуадонти Валя Генай кизгæ, Созаонти-Тауасити Дуся Дудтуй кизгæ, Дашити-Дзансохти Дзерассæ Мурати кизгæ, Малити Валерий Алийи фурт, Тъурити Руслан, Дашити Зинæ, никки ба ма ахургæнгути æригон фæлтæр. Еу бийнонти хузæн баст адтæнцæ кæрæдзебæл. Æма е дæр, æвæдзи, скъолай разамонæги фæрци адтæй. Мæ сæрæй син ниллæг ковун.

Æхсæрисæри фæсевæди фæлтæртæ сæ гъæууон скъолай къæсæрæй зонундзийнæдтæй хуæрзцæттæй æма уодикондæй нифсгунæй рафæндараст æнцæ сæ карни аллихузон нæдтæбæл. Беретæ си иссæнцæ игъустгонд лæгтæ. Зæгъæн: Цъугкити Барис – Хуæнхон паддзахадон аграрон университети профессор, Хъиргъути Аркади – экономикон наукити доктор, профессор, Чихтисти Руслан – Цæгат Иристони Хетæгкати Къостай номбæл паддзахадон университети доцент, Тауитти Таймураз – æхсæнадон архайæг, историк, Чихтисти Римæ – журналист, хъæбæр беретæ ба иссæнцæ фæлтæрдгун дохтиртæ, ахургæнгутæ, юристтæ, аразгутæ, адæмон хæдзаради æндæр аллихузон специалисттæ, сæ еугурей ранимайунæн нин нуртæккæ равгæ нæййес. Фал мæ бон федарæй æй зæгъун: Æхсæрисæри астæуккаг скъолай директорæй Хъиргъути Сократ ку куста, уæди рæстæгути рауагъдонтæн сæ еугурей карнæ дæр уотæ зæрдæмæдзæугæ ке рауадæй, уоми ес уой устур байвæрд дæр. Уæдта ма, æвæдзи, уотæ зæгъун дæр æнгъезуй, æма уой фæсте рауагъдонти царди хабæрттæ ке фæррæстмæ 'нцæ, уомæй етæ дæр арфиаг æнцæ Хъиргъуйфуртæй, уомæн æма æ рæстæги ци æгъдæуттæ æма фæткитæ æрфедар æнцæ, уони хуарздзийнадæ æма ахедундзийнадæ абони дæр бæрæг даруй коллективи архайди, скъолай цардиуаги абониккон хабæртти дæр. Æма ин уомæ гæсгæ æ рохс ном гъæубæсти медæгæ абони дæр ма имисунцæ устур зæрдæхцæуæндзийнади хæццæ.

Гъулæггагæн, Сократи хузæн лæгтæ æстæн хатт исæнтæсунцæ, мæлгæ ба ракæнунцæ æностæмæ… Æз дæр ин абони æ рохс ном имисун, кæддæр ци æмдзæвгæ ниффинстон, уомæй…

### ДУ АДТÆ
**Хъиргъути Сократæн**

Ци лæг адтæ, уогæ, ци лæг адтæ,
Уæд дæ фарнæ кæбæлти адтæй!
Ци незæй уæд æвваст æрбатадтæ,
Ци сау рахæн дæ уоди 'сбадтæй.

Ду цалей рахудтай царди надмæ
Дæ уоди раст æма дæ зундæй.
Ци лæг адтæ, уогæ ци лæг адтæ,
Е махæн не 'нккæтемæн зунд æй.

Æнæ дæу фæммæгур æй гъæубæстæ,
Æнæ дæу нæ федауй нæ синх.
Ду адтæ, 'ма нæбал дæ æррæстæ,
Сау ингæни æносмæ хуссис.

Дæ лæгкари æвваст æрбатар дæ,
Нæ зæгъуйнаг æма нæ рæстæл.
Уой æнгъæл æз царди некæд адтæн,
'Ма финсдзæн дæ фæсмæрдæ дæубæл.

Нæмгæ дæр нæ кæнисæ гæзæмæ,
Ахур кæнун мах ба нæ кумдтан.
Æтт, Сократ, æрæздæхæ фæстæмæ,
Еухатт ма нæ фæннæмæ, уæдта…

***

***Колити Витали уотæ ке зæгъуй, гъома, Хъиргъути Сократ зæрдиагон адтæй, разамунд ци скъолайæн лæвардта, уой коллективæн дæр æма æнæгъæнæ гъæубæстæн дæр, уомæй раст æй.***

***Зæгъæн, æ рæстæги аци скъолай ци сабийтæ ахур кодтонцæ, уони ниййергутæ æма ахургæнгутæ куд дзориуонцæ, уотемæй еунæг уæхæн анз дæр нæ адтæй, æма скъола ахуртæ райдайæнмæ тæккæ хуæздæр цалцæггондæй нæ байгон æй. Зумæгон ба, цъемос рæстæг ку искæнидæ, уæд Сократ, æхебæл косæн уæледарæс искæнидæ, уотемæй æнхæст кодта сауæнгæ артгæнæги ихæстæ дæр. Е некæд тарстæй æ къохтæ сау кустæй ницъцъумур кæнунæй. Уомæн æма райгурдæй æма исгъомбæл æй, фæллойнæ кæнун хъæбæр бæрзонд цæстиварди, æнæмæнгæ æнхæсткæнуйнаг æгъдаубæл нимад кæми адтæй, уæхæн бийнонти 'хсæн.***

***Æ ниййергутæн адтæнцæ дæс сувæллони – авд биццеуи æма æртæ кизги, уомæ гæсгæ силгоймæгтæмæ нæлгоймæгти ахедундзийнадæ бийнонти 'хсæн адтæй хъæбæр зæрдиагон. Сувæллæнттæ ирæзтæнцæ айдагъ кустуарзонæй нæ, фал ма хуæдбарæй, ахур кодтонцæ Сурх-Дигори гъæуи астæуккаг скъолай.***

***Æ карни сæйраг дæр гъуддагæн ци уавæр дæсниадæ равзара, зæгъгæ, уобæл Сократи берæ расагъæс-басагъæс нæ багъудæй – рагацау ин бæлвурд адтæй, ахургæнæг ке исуодзæнæй. Æма æ фæндæ фæррæстмæ 'й. Зæгъун æнгъезуй, рохситаун æма кæстæртæбæл ауодуни ацъагъуæ ин Хуцауæй лæвæрд адтæнцæ. Æма ин уомæ гæсгæ æ фæсмæрдæ дæр нæ дзиллæ кадæ кæнунцæ – уомæн бæлвурд æвдесæн, мæнæ идарддæр журналист ГАСАНТИ Валери æ финст уаци ци хабæртти кой кæнуй, етæ дæр.***

**Не 'мзæнхон, искурдиадæгин æфсæддон архайæг инженерон æфсæдти маршæл Михаил Петри фурт Воробьеви райгурдбæл 16 декабри æнхæст кæнуй фондз æма æхсæзинсæй анзи (1896-1957).**

***ГÆДИАТИ Цомахъ (1882-1931) финсæг, æхсæнадон архайæг: «Фæллойнæ кæнун иуæнгти æма зунди хъаурæ бæлвурд нисантæбæл харз кæнун, фæллойнæй хуарздзийнæдтæ кæнун, - гъе æй гъомбæл æма ахур кæнуни æцæг бундор...»***



**ГАСАНТИ Валери,**
Уæрæсей финсгути Цæдеси иуонг

## ХЪИРГЪУТИ МУГГАГИ АРФИАГ ХЪÆППÆРЕС ИННЕТÆН ДÆР БÆРГÆ ÆЙ БАФÆНЗУЙНАГ...

Цæгат Иристони паддзахадон педагогон институти физикон-математикон факультет 1951 анзи каст фæууогæй, Хъиргъути Сократ косун райдæдта Ирæфи райони Æхсæрисæри астæуккаг скъолай физики æма математики ахургæнæгæй. Кусти медæгæ цæйбæрцæбæл дæсни æма арæхстгин, коллективи медæгæ дæр æма гъæубæсти æхсæн дæр ин кадæ ке адтæй, уой нимайгæй æй 1982 анзи иснисан кодтонцæ аци скъолай директорæй æма си разамонæгæй фæккуста 1999 анзи уæнгæ. Гъæуи цæргутæ, æ ахурдзаутæ адтæнцæ æви нæ, уой нæ нимайгæй, абони дæр ма ‘й зæрдрохсæй имисунцæ. Уомæн æма Сократ, айдагъ ахургæнæг нæ адтæй, фал ма, еуцæйбæрцæдæр Æхсæрисæри гъæусовети сæрдарæй ракосгæй, берæ хуæрзти бацудæй адæмæн. Аци бæрнон бунати никки хуæздæр рабæрæг æй æ уодиконди рæсугъддзийнадæ, æ адæмуарзондзийнадæ, æ фæлмæн зæрдиуагæ, æ хуæрзæгъдау æма ма берæ æндæр лæгдзийнæдтæ. Æхсæрисæри еу адæймаг дæр, æвæдзи, нæ разиндзæнæй, аци ездон лæги ном кæддæриддæр рохс зæрдтагонæй ка нæ имисуй.

Сократ абони не ’хсæн кæд нæбал æй, уæддæр, æ берæ ахурдзаути, хеуæнтти æма гъæуи цæргути зæрдити фæлтæрæй-фæлтæрмæ цæруй, æ арфиаг гъуддæгутæй ци рохс фæд ниууагъта, уой фарнæй.

Ахургæнæгæй æма директорæй ци скъолай фæккуста, е хæссуй æ ном. Уой нимайгæй ба Хъиргъутæ еумæйагæй уæхæн гъудимæ æрцудæнцæ: еугæр син се ’рвадæн аци гъæубæсти ’рдигæй уæхæн устур кадæ кæнунцæ, уæд сæбæл е уæлдай ихæс æвæруй æма гъæуама сæ лæгдзийнадæ бавдесонцæ. Уæхæн унаффæ рахæсгæ ба ’й тæккæ хуæздæр хузи исæнхæст кæнуйнаг ке ’нцæ, е ба бæлвурдæй рабæрæг æй.

Нæуæг ахури анзи фиццаг бæнтти Æхсæрисæри скъоламæ æрбацудæнцæ Хъиргъути муггаги минæвæрттæ, Сократи хеуæнттæ æма хæстæгутæ. Цæветтонгæ, уой размæ сæ еумæйаг унаффæй алли бийнонтæй дæр æрæмбурд кодтонцæ æхцай фæрæзнитæ. Æма си балхæдтонцæ, скъолай ахсгиагæй ка багъæудзæнæй ахурадон гъуддаги, уæхæн дзаумæуттæ: ноутбук, хузгин ксерокс-принтер, музыкалон центр, микрофонтæ, финсæн æма хузгин къартæ мухургæнæн гæгъæди æма хъазмузтæ.

Кадгин уавæри аци лæвæрттæ скъолайæн балæвар кодтонцæ, æ урух зали ци æмбурд арæзт æрцудæй, уоми. Архайдтонцæ си Ирæфи райони бунæттон хеунаффæйади администраций минæвæрттæ, Æхсæрисæри гъæуи разамунд æма цæргутæ, Хъиргъути муггаги минæвæрттæ, ахургæнгутæ æма скъоладзаутæ.

Æмбурди райдайæни Хъиргъути муггаги минæвæрттæн сæ хъæппæреси туххæй райарфæ кæнгæй, скъолай директор Катаути Мэлс æ радзубандий загъта:

– Не скъолай анзфинсти рохс фæд ниуагъта Хъиргъути Сократ. Е берæ æнзти дæргъи ами фæккуста физикæ æма математики ахургæнæгæй æма директорæй. Кæд абони, гъулæггагæн, не ’хсæн нæбал æй, уæддæр ин кадæ кæнæн, фиццагидæр уомæй, æма нин ци фæрнгун æгъдæуттæ ниуагъта, уони идарддæр кадгиндæрæй æнхæст кæнунбæл архайдæй. Зонун сæ кæнæн нæ ахурдзаутæн. Сократи номбæл сумах, Хъиргъути муггаг, ци хуарз æгъдау искодтайтæ не скъолайæн, уæхæн хузи агъаз нин нерæнги некæдма неке бакодта. Æма уæ уодти æма дзиппи бæркад фулдæрæй-фулдæр кæнæд. Нæ зæрдæ ба ма уобæл дарæн, æма уæ уæ хъæппæресæй бафæнздзæнæнцæ иннæ муггæгтæ дæр, уомæн æма е уодзæнæй нæ еумæйаг гъуддаг – нæ кæстæрти раст зундирахастæй дæр æма зонундзийнæдтæй æнхæстæй хайгин кæнун – æнтæстгинæй æнхæст кæнуни сæрбæлтау. Æма си æновудæй архайун ба гъæуама уа алли муггаги ахсгиагдæрæй-ахсгиагдæр ихæс .

Æгъдау, намус, уоди æма зæрди бæркад æ разæй кæмæн фæццæуунцæ, еци адæймаг æ дзиллитæн алкæддæр фæнзуйнаг фæууй. Æма æ уæлзæнхон царди нæдтæбæл æ балци ку фæууй, æма е ’цæг дуйнемæ ку банæхстæр уй, уæд уоййадæбæл æ карнæн, æвæдзи, кæронгонд не ’рцæуй – ралæууй, æ номæй æма æ лæгигъæдтæй æ фæсте ци рохс фæд ниууагъта, уонæмæ гæсгæ ин кадæ æма аргъ кæнуни рæстæг.

Сократи гъуддæгутæй нури кæстæр фæлтæртæбæл æма æ хуарз æнсувæртæбæл фарнæ ке æмбæлуй, уобæл дзорæг æнцæ, æмбурди æ кадгин æрвади туххæй муггаги хестæртæй еу, Хъиргъути Виктор ци гъудитæ загъта, етæ:

– Мах, Хъиргъутæ, абони ци гъуддаг бакодтан, уой гъæуама раздæр исаразтайанæ. Не ’рвадæ Сократ зундæй дæр æма æ уодикондæй дæр дессаги гъæздуг адтæй. Мæнæ аци гъæуи скъолай ци рæстæг фæккуста, уой дæргъци удуæлдайæй архайдта дзиллæн хуарздзийнæдтæ аразуни сæрбæлтау, коллективи фарни гъуддæгутæ цæстигагуй хузæн айдагъ гъæуай нæ кодта, фал ма сæ никки фæббæркадгиндæр кæнунæй æхебæл нæ аурста. Мадта, муггагбæл куд æновудæй ауодудта, е дæр сæрмагонд дзубандий аккаг æй. Фæндуй мæ райарфæ кæнун гъæуи хестæртæн æма скъолай абони разамундæн, сæ фæрци Сократи карни æма хъиамæтти арфиаг хабæрттæн идарддæр цæрæнбон ке ес, уой туххæй. Гъæуи фæсевæдæн мæ зæрдæ зæгъуй, цæмæй уонцæ Сократи хузæн ахургонд æма зундгин, арфиаг гъуддæгутæй адæми æхсæн уиндгун, хумæтæг царди гъуддæгути ездон æма разæнгардæй сæ карни гъуддæгутæбæл архайæг кæстæртæ. Абони доги домæнтæ уæхæн æнцæ, æма рохсдæр исонибон аразæн ес айдагъдæр ахури æма зунди фæрци. Уогæ æнæ уонæй раздæр дæр зин цæрæн адтæй, фал нури рæстæгути ба уæлдай хъæбæрдæр гъæунцæ. Æма уонæй æнхæст унмæ æгириддæр ма зийнадæ кæнетæ!..

Ахурдзаутæн Сократ нæуæг æрмæг ку амонидæ, уæд æй цæмæй сæ зæрдæбæл хуæздæр бадаронцæ, уой туххæй пайда кодта берæ аллихузон фæрæзнитæй, сауæнгæ ма уæхæнттæй дæр, æма нæдæр уæлдæр ахургæнæндони дæр ке нæ амудтонцæ, уæдта педагогон нæуæгдзийнæдти æ кой дæр кæмæн нæ уидæ, уæхæн, æхе æргъудиконд мадзæлттæй. Зæгъæн, ахурдзаутæн нæуæг урок амонгæй, уой ку æристæфидæ, æма, уруссаг æвзаг бустæги хуарз ка нæзонидæ, етæ ’й æнхæст нæ лæдæрунцæ, уæд син æй дигоронау дæр байамонидæ.

Куд ахургæнæг, уотæ æ кусти сæйрагдæр, дзубанди дæр ибæл нæййес, адтæй ахурдзаутæн зонундзийнæдтæ æнхæстæй дæттун, фал уой æмбæрцæ ба ма æхе ихæсгин кодта рохситауæн архайдæй æ зæрдтагон бæлдæ адтæй, кæстæртæ арф зонундзийнæдти хæццæ ма куд уонцæ уодикондæй федауцæ æма зæрдæй нифсгун, уотемæ сæ сæ царди нæдтæбæл рафæндараст кæнун. Скъоладзаутæй, уæлдайдæр ба биццеутæй, еске фудуаг миутæ ку ракæнидæ, уæддæр хилтæ-каколатæй æфхуæруни бæсти син сабур хебарæ дзубандийæй сæ рæдуд балæдæрун кæнидæ, багъæуаги ба син бæлвурд дæнцитæ дæр æрхæссидæ, æведауцæ миутæ адæймагæн æхецæн ци фидбилæзтæ исаразунцæ, уой фæдбæл. Æма хестæри сабур дзурд ба сабий куд гъæуама нæ балæдæра...

Сократ устур æргом æздахта, цæмæй ахургæнгути æма скъоладзаути ниййергути æхсæн уа кæрæдзей лæдæргæ бастдзийнадæ æма æмархайд, уомæн æма ’й зудта, е кæстæрти ахур æма гъомбæладæбæл хуарзæрдæмæ ахедуй.

Кæстæрти карнæбæл æновудæй ауодæг æма æвæллайгæ рохситауæг, гъæубæсти ездондæр хестæртæй еу - уæхæн лæгбæл нимад адтæй Хъиргъути Сократ Æхсæрисæри дзилли ’хсæн, уæхæн æй байзадæй, комкоммæ ’й ка зудта æма абони цардæгас ка ’й, уони зæрдити, сæ имисуйнæгти ин арфиагæй ахид ракæнунцæ æ кой.

Æмбурди ма Хъиргъути муггаг фегъосун кодтонцæ сæ унаффæ, цæмæй Æхсæрисæри астæуккаг скъолай бундорбæл арæзт æрцæуа фæсевæди ахурадон-зонадон центр. Кæстæртæн си фадуат уа математикæ æма физики æртасæн куст кæнунæн.

Фембæлди ма радзубанди кодтонцæ æма Хъиргъути муггагæн зæрдиагæй райарфæ кодтонцæ Ирæфи райони бунæттон хеунаффæйади администраций ахуради хайади сæрдари ихæстæ æнхæстгæнæг Хъæбæлоти Зелим æма Æхсæрисæри бунæттон хеунаффæйади администраций сæргълæууæг Езети Анатоли.

Адæймаги карнæ хуарз гъуддæгутæй ниваефтуд ку уа, уæд æ адзали фæсте аци зæнхæбæл æ рохс ном æма æ арфиаг хъиамæттæ нæ феронх унцæ дзиллæй, сæ кой адæмæн зундгонд фæууй фæлтæрæй-фæлтæрмæ, кæстæртæн исунцæ сæ развæндаг амонæг æма разæнгардгæнæг фæдзæхст. Æхсæрисæри дзиллæн, Хъиргъути муггагæн, уæлдайдæр ба сæ кæстæртæн Сократ уæхæн зæрдтагонæй имисуйнаг лæгæй æностæмæ ке уодзæнæй, е ба бæрæг æй, адæм æй абони дæр ке нæ иронх кæнунцæ, цæйбæрцæбæл агъазиау хуæрзти син бацудæй, уой, æма ’й зæрдиагæй ке имисунцæ, æ номæрæнæн ин ци æгъдау дæттунцæ, уомæй дæр.



Хъиргъути Сократи номерæн мадзали архайгутæ

**Уæрæсей æскъуæлхт хузæгæнæг, Цæгат Иристони аййевæдти æскъуæлхт архайæг Зарон Павел Мирони фурти райгурдбæл 15 декабри æнхæст кæнуй фондз æма фондзинсæй анзи (1916-1991).**

***Æрæги ци унаффæ хаст æрцудæй, уомæ гæсгæ нæ республики скъоладзаутæн ес музейтæмæ лæвар бацæуни æма уотемæй аййевади хæццæ базонгæ уни барæ. Аци проектæн ес устур ахедундзийнадæ. Социокультурон объекттæмæ бацæуæг ахурдзаутæ культурон уагæй ирæздзæнæнцæ.***





# ИСОНИБОНМÆ НÆДТÆ РАЙДАЙУНЦÆ ЕВГЪУД ДЗАМАНТИ

Нæ райгурæн Иристони кадæн Мæскуй ирон æхсæнади бæстихаййи æрæги байгон æй Хонсар æма Цæгат Иристони æскъуæлхт хузæгæнæг, Уæрæсей хузæгæнгути Цæдеси иуонг **Каджати Вадими** конд хузти равдист «Игурæнтæмæ æздæхгæй» («Возвращаясь к истокам»).

Ауæхæн æхцæуæн хабари фæдбæл зæрдæбæл æрбалæууй нæ зундгонд поэт Малити Васой æмдзæвгæ:

*Дыуурæ барæджы*
*Æрбацæуынц*
*Æхсинты комы,*
*Сæ иу мæ фыд у,*
*Иннæ та –*
*Мæ фыды фыд.*
*Фæрсы мæ фырты фырт*
*Мæ фырты:*
*«Адон чердыгон сты,*
*Цавæр 'взагыл дзурынц?..*

Аци æмдзæвгæ Васо ниффинста евгъуд æноси 80-аг æнзти райдайæни, æма сауæнгæ уæди рæстæгути дæр хъæбæр сагъæссаг иссæй, нæ адæми нæуæг фæлтæртæ æгæр идард кæнун ке байдæдтонцæ, нæ фидтæлтæ тухгин æма цитгин цæй фæрци адтæнцæ, уодварни еци æгъдæуттæ æма фæткитæй. Абони ба никки фæссагъæссагдæр æй. Æма цæмæй бустæги ма фенæхай уæн нæ фидтæлтиккон уодварни хæзнатæй, цæмæй зæрдтагон уонцæ абони æма исонибони фæлтæртæн дæр, уобæл уодуæлдайæй ка архайуй равгитæ æма гæнæнти фæрци, уонæй еу æй Каджати Вадим дæр.

Нæ газеткæсгутæн дæр зундгонд æй – ахид ин фæммухур кæнæн æ конд хузтæ. Æ аййевадон кустити равдиститæ арæзт æрцудæнцæ Дзæуæгигъæуи дæр æма Цхинвали дæр. Нур ба уони хæццæ базонгæ уодзæнæнцæ мæскуйæгтæ дæр, фиццагидæр ба, æвæдзи, Иристонæй рацæуæг адæймæгутæй Мæскуй ка цæруй, етæ. Нæ зæрдæ дарæн уобæл, æма аци равдист цæмæдессаг æма æхцæуæн уодзæнæй ардæмæ æрбацæуæг дзиллæн.

Æ равдист ба Каджай-фурт хумæтæги не 'схудта «Игурæнтæмæ æздæхгæй». Аци темæ ин хъазар æма ахсгиаг æй. Уой туххæй æхуæдæг уотæ зæгъуй:

– Ме 'сфæлдистадæ æнгъæнæйдæр Иристони хæццæ баст ке 'й, е, мæнмæ гæсгæ, раст æй. Уомæн æма алли адæймаг дæр ке зонуй æма уарзуй, еци хабæртти туххæй гъæуама дзора. Царди кæцидæр хæзнатæ райгурæн бæсти хæццæ баст æнцæ.

Равдисти фæууинæн ес хузæгæнæги æхсæз æма инсæй хузи (æвдесунцæ адæми фæлгонцтæ æма æрдзæ), конд æнцæ алли æнзти. Ес си æрæги конд цалдæр уадзимиси дæр. Армдæсний куститæ бæрæг дарунцæ ирд æма еци-еу рæстæг фæлмæн хуарæнтæй, уæдта сюжети арф гъудитæй.

Уæлдай æхцæуæн ба е æй, æма равдистмæ берæ фæсевæд ке цæуй. Е уой



æвдесæн æй, æма кæстæрти фæндуй нæ Иристони, нæ адæми цардиуаги хабæрттæ бæлвурддæрæй зонун.

Каджай-фурт кæд берæ æнзти дæргъи Санкт-Петербурги цæруй, уæддæр æ аййевадæ ба ирдæрдтæбæл зундгонд æй – ку зæгъæн, æ кустити равдиститæ арæзт æрцæунцæ Иристони æма Мæскуй. Æригон, искурдиадæгин хузæгæнæг ке исаразта, еци уадзимистæн кадæ кæнунцæ аййевадæуарзгутæ.

– Идарддæр ма мæ зæрди ес историон цаутæ æвдесæг хузтæ искæнун. Ме 'ргом раздахуйнаг дæн дзиллитæн зиндзийнæдтæ бавзарунгæнæг евгъуд æнзти, Коцти Бегай хузæн национ бæгъатæрти лæгдзийнæдти фæдбæл темитæмæ, – зæгъуй хузæгæнæг.

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» – АЛЛИ БИЙНОНТÆН!**

**2022 АНЗИ ФИЦЦАГ ÆМБЕСÆН. Æ РАФИНСУНИ АРГЪ ÆЙ 323 СОМИ 64 КЪАПЕККИ. (ТУГЪДИ ÆМА ФÆЛЛОЙНИ ВЕТЕРАНТÆН БА – 288 СОМИ 96 КЪАПЕККИ)**

**ГАЗЕТ «ДИГОРÆ» РАФИНСУН ÆНГЪЕЗУЙ «УÆРÆСЕЙ ПОЧТИ» ЕУГУР ХАЙÆДТИ ДÆР, УÆДТА МУХУР УÆЙÆГÆНÆН КИОСКТИ ДÆР.**

Дигорæ

**Республикон дзиллон æхсæнадон-политикон газет «Дигорæ».**
**Республиканская массовая общественно-политическая газета «Дигора».**

Сæйраг редактор: **САКЪИТИ Бариси фурт Эльбрус.**
**Редакций адрес:** 362015 РЦИ-Алани, г. Дзæуæгигъæу, Къостай номбæл проспект, 11, 6-аг уæладзуг.
Тел.: 25-22-56 (факс), 55-08-16; 25-93-00.
**E-mail:** gazeta-digora@inbox.ru.
**Нæ газети сайт:** http://gazeta-digora.ru.
**Газет исаразæг æма уадзæг:** РЦИ-Аланий мухури æма дзиллон коммуникацити гъуддæгути фæдбæл Комитет.
362003, РЦИ-А, г. Дзæуæгигъæу, Димитрови гъæунгæ, 2.
**Учредитель и издатель:** Комитет по делам печати и массовых коммуникаций РСО-Алания. 362003, РСО-Алания, г. Владикавказ, ул. Димитрова, 2.

**Газет регистрацигонд æй бастдзийнади, хабархæссæг технологитæ æма дзиллон коммуникацити сфери Федералон службæ Управлений РЦИ-Аланий. Рег. номер ПИ №ТУ 15 – 00141, 2017 анзи 14 апърели.**

**Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РСО-Алании. Регистрационный номер ПИ №ТУ15-00141 от 14 апреля 2017 г.**

**Газет мухургонд æрцудæй АБÆ «Рауагъдадæ «Хонсайраг регион»-и. 357600, г. Ессентуки, гъæунгæ Никольская, 5а.**

**Газета напечатана в ООО «Издательство «Южный регион». 357600, г. Ессентуки, ул. Никольская 5 а.**

**Газет цæуй къуæре еу хатт – геуæргибони.**
Рафинсуни индекс: **73946.**
Тираж **730**. Заказ **№2791**
Мухурмæ гъæуама финст æрцæуа – 17.00; 10.12.2021.
Мухурмæ финст æрцудæй – 17.00; 10.12.2021.

**Нæ газетæй ист æрмæгæй пайда кæнун æнгъезуй, нæ редакций аразийæй. Уæдта гъæуама бæрæггонд уа, нæ газетæй ист ке æй, е.**

**Использование материалов допускается только с разрешения редакции. При перепечатке ссылка на газету «Дигора» обязательна.**

**Финстæгутæ, къохфинститæ, хузтæн рецензи нæ дæттæн, уæдта сæ авортæмæ дæр фæстæмæ не 'рветæн.**

**Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Газети ци æрмæгутæ рацæуа, уонæбæл бæрнондзийнадæ хæссунцæ сæ автортæ.**

**Ответственность за опубликованные материалы, рекламу и объявление несет автор.**